XALÍQ DEPUTATLARÍ KEGEYLI RAYONLÍQ KEŃESI SHESHIMI

2022 - yil 21 - yanvar VI-44-6-13-184-K/22 Kegeyli rayoni hákimligi

Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесиниң 2021-жыл 30-декабрьдеги “Кегейли районы жергиликли бюджетиниң 2022-жылғы параметрлерин тастыйықлаў ҳаққында”ғы VI-43-80-13-184-K/21-санлы шешимине өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында.

Өзбекстан Республикасының “Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында”ғы Нызамының 6, 24-статьялары, Бюджет кодексиниң 27, 99-статьялары ҳәм “2022-жыл ушын Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик бюджети ҳаққында»ғы Нызамының 6-статьясы ҳәмдеҚарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 30-декабрьдеги 194/XXV-санлы қарарына муўапық ҳәм Кегейли районлық финанс бөлиминиң 2022-жыл 17-январьдағы 150/1-санлы хатын инабатқа алып Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңеси

ШЕШИМ ЕТЕДИ:

1. Өзбекстан Республикасының “2022-жыл ушын Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик бюджети ҳаққында»ғы Нызамы, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл30-декабрьдеги 194/XXV-санлы қарары ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2022-жыл 11-январь күнги 9-13-0-Q/22-санлы қарарлары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 30-декабрьдеги 194/XXV-санлы қарарына муўапық Кегейли районы жергиликли бюджетиниң 2022-жыл дәраматлары 25 309,0 млн. сўм, қәрежетлери 94 224,6млн сўм болып қабыл етилгенлиги ҳәмде республика бюджетинен

ажыратылатуғын тәртипке салыўшы бюджетлерара трансфертлер 68915,6 млн.сўм муғдарында тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Бюджет қаржылары бөлистириўшилерине Кегейли районы бюджетинен усы Кеңес қарарына муўапық ажыратылатуғын қаржылар тек 2022-жыл финанс жылы даўамында пайдаланылады.

4. Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесиниң 2021 жыл 30-декабрьдеги “Кегейли районы жергиликли бюджетиниң 2022 жылғы параметрлерин тастыйықлаў ҳаққында”ғы I-43-80-13-184-К/21-санлы шешиминиң 1, 2, 3, 4, 5, 7- қосымшаларына төмендегише өзгерислер киритилсин:

- 2022-жыл ушын Кегейли районы жергиликли бюджети дәраматлары прогнозы ҳәм қәрежетлери 1-қосымшаға;

- 2022-жыл ушын Кегейли районы бюджетинен жергиликли бюджет қаржыларын бөлистириўшилерге ажыратылатуғын қәрежетлердиң улыўма шекленген муғдарлары 2-қосымшаға;

- 2022жылушын Кегейли районы жергиликли бюджетиниң дәраматлары ҳәмде қәрежетлериниң шекленген муғдарлары 3-қосымшаға;

- 2022-жыл ушын Қарақалпақстан Республикасы республика бюджетинен район жергиликли бюджетине ажыратылатуғын тәртипке салыўшы бюджетлерара трансфертлер муғдарлары 4-қосымшаға;

- 2022-жыл ушын Кегейли районы бюджети сақлаўлы қоры муғдары 5-қосымшаға муўапық өзгерислер киргизилсин;

- Кегейли районы жергиликли бюджетиниң 2022 жыл ушын жол қойылатуғын ең кем қаржылар муғдары 6-қосымшаға муўапық белгиленсин;

- 2022-жыл ушын улыўма мәмлекетлик салықлардан район жергиликли бюджетине ажыратпалар нормативлери 7-қосымшаға муўапық өзгерислер киргизилгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

Бунда, ажыратпалар нормативлери бойынша Қарақалпақстан Республикасының республика бюджети менен Кегейли районы жергиликли бюджетиниң ажыратпалар нормативлери орнатылған тәртипте Кегейли районы бойынша Ғазнашылық бөлинбеси тәрепинен әмелге асырылыўы белгилеп қойылсын.

5. Кегейли районы ҳәкиминиң биринши орынбасары (М.Ниязов), районлық финанс бөлими (К.Жиенбаев), районлық мәмлекетлик салық инспекциясы (С.Даўлетбаев) район ҳәкимлиги ҳәм жуўапкер мәкеме, кәрхана, шөлкемлер менен биргеликте:

- тийисли бюджет қаржыларын биринши гезекте ис ҳақы ҳәм оған теңлестирилген төлемлер, азық-аўқат ҳәм дәри-дәрмақ ҳәмде коммунал хызметлер қәрежетлериниң режелестирилиўин нәзерде тутқан ҳалда қәлиплестириў;

- жергиликли бюджет прогноз көрсеткишлерин өз ўақтында ҳәм нәтийжели орынлаў;

- бюджет қаржыларының мақсетли ҳәм нәтийжели жумсалыўы ҳәм бюджет интизамына әмел етиўи үстинен қатаң қадағалаў орнатыў;

- жергиликли бюджетке салықлар ҳәм басқада мәжбүрий төлемлердиң толық түсимин тәмийинлеў;

- жергиликли бюджет дараматлар базасын асырыў ҳәм қосымша резервлерди анықлаў зәрүрлигине айрықша итибар қаратсын.

6. Кегейли районы ҳәкимлиги жергиликли бюджеттиң тастыйықланған қаржыларының 5 пайызына (артық болыўы мүмкин) тең муғдардағы қаржылар жәмәәтшилик пикири тийкарында белгиленген иләжларды қаржыландырыўға ҳәмде жергиликли бюджетте қәлиплескен қосымша дереклериниң 30 пайызын жәмәәтшилик пикири тийкарында белгиленген иләжларды қаржыландырыўушын Кегейли районы “Пуқаралар басламасы фонды”на жөнелтирилиўин тәмийинлесин.

Бунда, районлық Кеңес депутатлары, Жаслар ислери агентлиги районлық бөлими ҳәмде жаңадан енгизилген ҳәким жәрдемшилери бюджет процессинде пуқаралардың белсене қатнасыўын тәмийинлеў мақсетинде халыққа кең түрде үгит-нәсият жумысларын алып барыўға жуўапкер етип белгиленсин.

7. Кегейли районы ҳәкимлиги жергиликли бюджет қаржыларын бөлистириўшилериниң бюджет қаржыларынан нәтийжели пайдаланыўы туўралы есабатларын Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесине усыныс етиўин тәмийинлесин.

8. Усы шешим рәсмий дағазаланған күннен баслап күшке киреди.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесиниң Жергиликли бюджет, экономикалық реформаларды әмелге асырыў, инвестициялар ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссиясына ҳәм Кегейли районы ҳәкимлигине жүкленсин.

Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңеси баслығы **Д.М.Утемуратов**

Халқ депутатлари Кегейли туман
Кенгашининг
2022 йил 21 январдаги
VI-44-6-13-184-K/22-сон қарорига
1-илова

Кегейли районы бюджети дәраматларының 2022-жылдағы прогноз көрсеткишлери

млн.сўмда

	Дәрамат түрлери	Жәми
I	**ЖӘМИ**	**25 309.0**
1	Юридикалық тәреплерден алынатуғын пайда салығы	0.0
2	Айланбадан алынатуғын салық	2 232,0
3	Физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат салығы	0.0
4	Исбилерменликтиң айырым түрлери бойынша қатаң белгиленген салық	360,0
5	Қосымша қун салығы	0,0
6	Акциз салығы, жәми	0
	- бензин, дизел жанылғысы ҳәм газ реализациясынан салық	*0*
7	Юридикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық	1 266.0
8	Физикалық тәреплердиң мал-мүлкине салынатуғын салық	1 100.0
9	Юридикалық түреплер жер салығы	2 081,0
10	Физикалық тәреплерден алынатуғын жер салығы	4 200.0
11	Жер асты байлықларынан пайдаланғанлығы ушын салық (руда емес материаллары)	177.0
12	Суў ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын салық	2 067.0
13	Бөлистирилетугын дәрамат	0.0
II	Өткерип берилетуғын қаржылар	**0.0**
III	Тарнсфертлер	**68 915.6**
	ЖӘМИ ДӘРАМАТЛАР	**94 224.6**

Халқ депутатлари Кегейли туман
Кенгашининг
2022 йил 21 январдаги
VI-44-6-13-184-K/22-сон қарорига
2-илова

Кегейли районы район бюджетинен 2022-жылғы жергиликли бюджет қаржыларын бөлистириўшилерге ажыратылатуғын қәрежетлердиң улыўма шекленген муғдарлары жойбары

мың.сўм

т/н	Көрсеткишлер	Суммасы
	Жәми қәрежетлер	**94 224 577,0**
1	Халық билимлендириў бөлими	5 113 578,0
2	Мектепке шекемги билимлендириў бөлими	4 245 419,0
3	Ден саўлықты сақлаў тараўы	33 046 079,0
4	Мәданият бөлими	1 010 538,0
5	Дене тәрбия ҳәм спорт бөлими	1 425 092,0
6	Көп балалы ҳәм кем тәмийинленген шаңарақларға напақалар ҳәм компенсациялар	24 237 368,0
7	Социаллық көнликпе орайлары	48 386,0
8	Фермер хожалықлары бухгалтерия орайы	570 567,0
9	Абаданластырыў басқармасы	7 340 499,0
10	Суў хожалығы бөлими	1 890 417,0
11	Ветеренария ҳәм шарўашылықты раўажландырыў бөлими	960 842,0
12	Жергиликли бюджетлерде ҳәким жәрдемшилериниң усыныслары тийкарында мәҳалле инфраструктурасын жақсылаў ушын	526 095,0
13	Мәмлекетлик баскарыў уйымлары	5 652 614,0
14	Пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары қәрежетлери	2 925 958,0
15	Сақлаўлы қор қәрежетлери	889 935,0
16	Пуқаралардың пикири тийкарында қәлиплескен иләжларға жөнелтириў	4 341 190,0

Халқ депутатлари Кегейли туман
Кенгашининг
2022 йил 21 январдаги
VI-44-6-13-184-K/22-сон қарорига
3-илова

2022-жыл ушын район жергиликли бюджетиниң дәраматлары ҳәмде қәрежетлериниң шекленген муғдарлары

млн.сўм

№	Қала ҳәм район аты	Дәраматлар	Қәрежетлер
1	Кегейли районы	25 309,0	94 224,6
Жәми		**25 309,0**	**94 224,6**

Халқ депутатлари Кегейли туман
Кенгашининг
2022 йил 21 январдаги
VI-44-6-13-184-K/22-сон қарорига
4-илова

2022-жыл район жергиликли бюджетлерине ажыратылатуғын тәртипке салыўшы бюджетлерара трансферт муғдары

млн. сўм

№	Район аты	Тәртипке салыўшы трансфертлер
1	Кегейли районы	68 915,6

Халқ депутатлари Кегейли туман
Кенгашининг
2022 йил 21 январдаги
VI-44-6-13-184-K/22-сон қарорига
5-илова

2022-жыл Кегейли районы ҳәкимлигиниң сақлаўлы қоры муғдары

млн. сўмда

Т/р	**Аймақлар атамасы**	**Сақлаўлы қорлары муғдары**
1	Кегейли районы	**889,9**

Халқ депутатлари Кегейли туман
Кенгашининг
2022 йил 21 январдаги
VI-44-6-13-184-K/22-сон қарорига
6-илова

Кегейли районы район бюджетиниң 2022-жыл ушын жол қойылатуғын ең кем қаржылар муғдары

млн.сўмда

Т/р	**Аймақлар атамасы**	**Муғдар**
1	Кегейли районы	920.0

Халқ депутатлари Кегейли туман
Кенгашининг
2022 йил 21 январдаги
VI-44-6-13-184-K/22-сон қарорига
7-илова

Улыўма мәмлекетлик салықларды район жергиликли бюджетлерин ажыратпалар нормативлери

Қ/с	Салық түрлери	пайыз
1	Юридикалық шахслардан алынатуғын пайда салығы	0
2	Физикалық шахслардан алынатуғын дәрамат салығы	0
3	Жеке тәртиптеги исбилерменлерден алынатуғын дәрамат салығы	100
4	Жеке тәртиптеги исбилерменлерден алынатуғын қатаң белгиленген салық	100
5	Айланбадан алынатуғын салық	100
6	Акциз салығы бензин, дизел жанылғысы ҳәм газ реализациясынан	0
7	Юридикалық шахслардың мүлкине салынатуғын салық	100
8	Юридикалық шахслардың жер салығы	100
9	Физикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық	100
10	Юридикалық шахслардың жер салығы	100
11	Физикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық	100
12	Физикалық шахслардан алынатуғын жер салығы	100
13	Жер асты байлықларынан пайдаланғанлығы ушын салық (руда емес материаллары)	100
14	Суў ресурсларынан пайдаланғанлық ушын салық (электрстанцияларынан тысқары)	100
15	Суў салығы электрстанциялары бойынша	0
16	Мәмлекетлик бажы	0

17	Жәриймалар	0
18	Жыйымлар	0
19	Мәмлекетлик үлеси болған кәрханаларды меншиклестириўден түсим	0
20	Мәмлекет мүлкин ижараға бериўден түсим	0
21	Физикалық шахсларға тийисли мал-мүлкти ижараға бериўден түсим	100
22	Мәмлекетлик унитар кәрханалардың сап пайдасынан ажыратпа	0
23	Басқа түсимлер	0